

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa salah sahiji média komunikasi verbal pikeun kagiatan sosialisasi dina kahirupan sapopoé di masarakat boh sacara lisan atawa tulisan. Basa Sunda mangrupa salah sahiji sélér basa di Jawa Barat nu dipaké ku urang Sunda. Basa Sunda beunghar ku kekecapan sarta miboga struktur anu tangtu nu ilahar disebut undak-usuk basa Sunda. Ku sabab Sunda jadi salah sahiji basa nu panyaturna masih kénéh loba, sarta jadi warisan budaya, ku kituna basa Sunda wajib diajarkeun di Sakola dina unggal tingkatan ti mimiti SD/MI nepi ka SMA/MA hususna di Jawa Barat.

Dina hakékatna, pangajaran basa Sunda miboga tujuan sangkan siswa bisa nyangkem kana opat kaparigelan basa nya éta: (1) ngaregepkeun; (2) nyarita; (3) maca; jeung (4) nulis. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran basa Sunda tangtuna kudu dirojong ku sarana jeung prasarana nu aya di sakola sarta peran guru dina nepikeun pangajaran basa Sunda ka siswa, sangkan siswa bisa ngahontal kana opat kaparigelan basa nu tadi disebutkeun. Guru kudu bisa jadi *fasilitator*, *innovator*, sarta *motivator* pikeun siswa.

Dina kanyataanana, pikeun ngaréalisasikeun éta hal di luhur masih kénéh can kacumponan. Salah sahiji faktor nu ngabalukarkeunana nya éta masih kurangna modél-modél pangajaran nu dilarapkeun ku guru, atawa kurang merenahna pamarekan anu dipaké dina prosés diajar-ngajar. Ku kituna guru kudu bisa ngalarapkeun modél pangajaran anu saluyu jeung kabutuhan sarta minat siswa, sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal tur hasilna saluyu jeung nu dipikahayang.

Prosés atikan saenyana lain ukur tanggung jawab sakola jeung guru, orang tua siswa ogé miboga peran penting dina prosés atikan sangkan siswa bisa

berhasil lain tina segi prestasi wungkul tapi dibarengan ogé ku sikep nu hadé. Ku kituna ku ayana gawé bareng antara pihak sakola nu dijero kalibet kepala sekolah,

guru sarta jajarana, jeung orang tua siswa sangkan bisa ngahasilkeun output (lulusan siswa) nu unggul dina sagala widang boh dina préstasina boh dina perilaku sarta sikepna.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasara (SKKD) mata pelajaran basa Sunda nyoko kana pangajaran basa jeung sastra. Pangajaran basa Sunda téh dina enas-enasna mah pikeun diajar komunikasi. Ku kituna, pangajaran basa jeung sastra sunda diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh komunikasi boh sacara lisan boh tulisan. Ari komunikasi tulisan téh ébréh dina salah sahiji aspék kabiasaan nya éta nulis.

Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik nu ngalambangkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 2008, kc. 21). Ari nurutkeun Alwasilah (2007, kc. 43) nulis téh mangrupa hiji kamampuh atawa kaparigelan hiji jalma dina ngébréhkeun gagasan kana hiji wacana sangkan bisa ditarima ku nu maca, boh sacara intelektual boh sacara sosial.

Nulis mangrupa salah sahiji kamampuh basa nu kudu dipibanda ku unggal jalma. Nulis dina harti komunikasi nya éta hiji pakakas pikeun ngébréhkeun pamikiran, gagasan, idé, pangaweruh, harepan jeung pesen. Masarakat anu teu mampuh ngébréhkeun pikirana dina wangun tulisan bakal katinggalaeun jauh tina kamajuan lantaran kagiatan nulis bisa ngarojong kana kamekaran intelektual hiji jalma nepi ka mampuh mikir sacara kritis. Ieu hal diwewegan ku pamadegan Tarigan yén ciri kamajuan hiji bangsa bisa ditingali tina maju henteuna komunikasi tulisan éta bangsa.

Dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) mata pelajaran basa Sunda di kelas VII, aya aspék kaparigelan nulis kalayan standar kompetensi (SK): Mampuh nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun nulis pangalaman, biografi, sajak jeung bahasan. Salah sahiji kompetensi dasar (KD) nu aya dijerona nya éta nulis karangan arguméntasi.

Karangan arguméntasi nya éta karangan anu eusina ngajéntrékeun jeung nerangkeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan anu kuat nepi ka

jalma nu lian kahudang pikeun milampah hiji pagawéan. Aya ogé pamadegan séjén, karangan arguméntasi nya éta karangan nu ditulis anu miboga tujuan pikeun ngabuktikeun kabeneran hiji idé, pamadegan, atawa gagasan sangkan kabeneranana di yakinkeun ku pamaca.

Gagasan, idé, sarta informasi anu jadi sumber tulisan karangan arguméntasi bisa dicokot dumasar kana kajadian-kajadian anu kapanggih atawa katingali dina sapopoé jeung masalah anu kapanggih dina kahirupan nyata. Dina kanyataanana materi anu nulis karangan arguméntasi can bisa katepikeun sacara maksimal.

Pasualan anu kapanggih ku panalungtik henteu ngan saukur tina siswa wungkul, tapi tina guru anu ngajarkeunana. Nalika pangajaran nulis, guru masih kurang dina méré motivasi ka siswa dina pangajaran nulis karangan arguméntasi ku kituna siswa jadi kurang aktif.

Saurang guru kudu néangan cara anu bener jeung luyu pikeun ngaleungitkeun pasualan éta. Alternatif cara anu bisa dipaké pikeun ngarojong siswa sangkan leuwih maksimal dina pangajaran nulis karangan arguméntasi tangtu loba. Guru bisa néangan pamarekan, stratégi, métode, téhnik, jeung media anu bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis. Ku kituna, panalungtik nyoba méré hiji stratégi anu inovatif dina lumangsungna pangajaran nulis hususna dina pangajaran nulis karangan arguméntasi.

Stratégi anu panalungtik paké nya éta stratégi pangajaran *Giving Question and Getting Answers (GQGA)*. Panalungtik milih *stratégi giving question and getting answers* lantaran stratégi ieu mangrupa salah sahiji stratégi pangajaran aktif dimana siswana anu mikir, ngaluarkeun pamadegan, ide, gagasan, kritik jeung informasi dina wangun tulisan. Pamakéan stratégi *giving question and getting answers* dipiharep mampu ningkatkeun kamampuh dina nulis karangan arguméntasi jeung mampu nyiptakeun pangajaran anu pikaresepeun lantaran ngalibetkeun kabéh siswa sacara maksimal nalika pangajaran nulis hususna dina lumangsungna pangajaran nulis arguméntasi.

Aya hiji panalungtik anu geus nalungtik ngeunaan stratégi pangajaran anu judulna “*Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)*” nu disusun ku Ika Sartika (2013).

Dina panalungtikan di luhur bisa dicindekkeun ku pamakéan stratégi, modél atawa média nu tangtu bisa ngajadikeun pangajaran nulis lumangsung sacara hadé. Dumasar kasang tukang pasualan di luhur panalungtik ngalakukeun panalungtikan anu judulna “*Stratégi Giving Question and Getting Answers dina Pangajaran Nulis Karangan Arguméntasi (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta Taun Ajaran 2015-2016)*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, di antarana:

- a. Kamampuh siswa dina nulis karangan utamana nulis karangan arguméntasi masih kurang.
- b. Siswa ngalaman sababaraha bangbaluh nalika nulis, diantaranya dina néangan inspirasi, nyieun kalimah mimiti, sarta ngaluarkeun pamikiran jeung rasa kana tulisan.
- c. Motivasi siswa dina nulis masih kurang.
- d. Kurangna stratégi jeung media dina pangajaran nulis karangan arguméntasi antukna siswa ngarasa bosen jeung kurang ngirut.
- e. Pamarekan *Stratégi Giving Question and Getting Answers* dina prosés pangajaran anu baris ditalungtik.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta saméméh ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*?
- b. Kumaha kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*?
- c. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun larapna stratégi *giving question and getting answers* dina pangajaran nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta taun ajaran 2015/2016.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa dina nulis karangan arguméntasi saméméh ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*;
- b. kamampuh siswa dina nulis karangan arguméntasi sanggeus ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*;
- c. bédana nu signifikan antara kamampuh siswa saméméh dibéré stratégi *giving question and getting answers* dina pangajaran nulis karangan arguméntasi jeung sanggeus dibéré stratégi *giving question and getting answers* dina pangajaran nulis karangan arguméntasi.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa méré tambahan pangaweruh dina tiori pangajaran basa, hususna pangajaran nulis karangan arguméntasi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Pikeun guru, panalungtikan ieu bisa méré saran pikeun ngagunakeun stratégi pangajaran anu bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis hususna pangajaran nulis karangan arguméntasi.

- a) Pikeun siswa, panalungtikan ieu bisa méré pangalaman nulis dina kaayaan diajar anu pikaresepeun. Siswa bisa kamotivasi sarta bisa mekarkeun sikep percaya diri nepi ka siswa bisa leuwih produktif.
- b) Pikeun sakola, panalungtikan ieu bisa méré saran dina ngabenerkeun prosés diajar ngajar dina pangajaran basa sunda.
- c) Pikeun panalungtik, panalungtikan ieu dipiharep bisa jadi pangaweruh tambahan pikeun mekarkeun strategi pangajaran nalika lumangsungna prosés ngajar.
- d) Pikeun nu maca, panalungtikan ieu dipiharep bisa jadi informasi pedoman anyar salaku stratégi atawa téhnik pangajaran anu éféktif.

1.5 Anggapan Dasar

Panalungtikan ieu boga sababaraha anggapan dasar di antarana:

- a) Nulis mangrupa kagiatan kaparigelan basa anu panghéséna.
- b) Pangajaran bakal leuwih optimal saupama ngagunakeun stratégi, métode, modél atawa media anu saluyu.
- c) Unggal siswa miboga kamampuh anu béda-béda.

1.6 Wangenan Operasional

Sababaraha hal anu aya patalina langsung jeung judul panalungtikan ieu kudu diidefinisikeun sacara operasional.

- a) Pangajaran nulis karangan arguméntasi mangrupa pangajaran pikeun ngaluarkeun pamadegan, alesan, conto jeung bukti-bukti anu kuat sarta

ngayakinkeun nu maca nepi ka bisa ngabenerkeun pamadegan, sikep, gagasan, jeung kayakinan urang dina wangun tulisan.

- b) Stratégi *giving question and getting answers* mangrupa stratégi pangajaran anu ngabogaan karakteristik méré kasempetan ka unggal siswa sangkan bisa patukeur pikiran, sarta mikanyaho pandangan jeung argumén siswa séjén. Stratégi ieu dimekarkeun ku Spencer Kagan. Stratégi ieu mangrupa bagian tina stratégi pembelajaran aktif.

1.7 Raraga Tulisan

Ieu skripsi eusina aya lima bab, eusina bab I ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Dina bab II dipedar tiori, anggapan dasar, sarta hipotésis panalungtikan. Tatapakan tiori ngawengku; wangenan stratégi, stratégi pembelajaran aktif, stratégi *giving question and getting answers*, kaonjoyan jeung kahéngkérangan stratégi *giving question and getting answers*, wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, mangpaat nulis, rupa-rupa tulisan, tulisan anu hade, léngkah-léngkah nulis, wangenan karangan arguméntasi, sarat nulis karangan arguméntasi, pola mekarkeun karangan arguméntasi, komponén karangan arguméntasi, tahap-tahap nulis karangan arguméntasi.

Dina bab III eusina métodologi panalungtikan, nu ngawengku *setting* panalungtikan, jeung desain panalungtikan. Dina bab IV ngawengku déskripsi jeung hasil analisis hasil pangajaran nulis karangan arguméntasi ngagunakeun stratégi *giving question and getting answer*, nu mangrupa data hasil panalungtikan sarta pedaranana.

Bab V medarkeun kacindekan jeung rékoméndasi.